



Aji pou ou ka redwi risk pou'w pa devlope yon nefwopati dyabetik!

Pou redwi risk pou'w pa devlope yon nefwopati dyabetik oswa pou'w ralanti pwogresyon li. pi bon fason an se kenbe nivo sik ou nan barèm sante yo.

- Kenbe presyon'w nan barèm sante yo;
- Kenbe kolestewòl ou nan barèm sante yo;
- Megri, si sa nesèsè;
- Kite fimen sigarèt oswa sigarèt elektwonik, si sa konsène'w.

Resous

Fondation canadienne du rein
rein.ca

Ou gen kesyon sou dyabèt?

Service InfoDiabète

514 259-3422

1 800 361-3504

infodiabete@diabete.qc.ca

L'école du diabète

Universi **D**


universi-d.com

Diabète  Québec
diabete.qc.ca

Diabète  Québec

Sante ren ak dyabèt

Konprann nefwopati dyabetik



Pran enfòmasyon nan men famasyen'w: gen kèk medikaman ou dwe sispann pran pandan yon ti tan nan jou maladi yo pou ou ka pwoteje ren'w.

Kisa nefwopati ye?

Nefwopati, se yon kondisyon ki touche ren'w. Ren'w jwe yon wòl filtrasyon pou san'w. Yo kenbe eleman kò a bezwen epi yo elimine nan pipi dechè ak sibstans kò a genyen an plis, tankou sèl, sik ak dlo.

Nou pale de **nefwopati dyabetik** lè glisemi'w wo souvan, sa vle di kantite sik nan san'w wo souvan, epi sa ka domaje veso sangan ren yo. Piti piti, domaj sa yo diminye kapasite ren yo pou yo fè travay yo.

Nefwopati ogmante risk pou moun devlope maladi kè, epi li asosye ak yon diminisyon nan longè ak kalite lavi moun.



Kisa ki ogmante risk pou ou devlope nefwopati?

- Viv ak dyabèt pandan lontan;
- Gen yon nivo glisemi ki wo souvan;
- Gen yon presyon san ki wo;
- Gen yon nivo kòlestewòl ki wo;
- Gen yon endis mas kòporèl ki egal oswa pi wo pase 30;
- Fimen.

Yon kondisyon ki anbacha!

Souvan, sentòm nefwopati yo parèt nan etap avanse maladi a. Lè ren'w preske sispann fonksyone (ensifzans renal grav), senptòm sa yo ka parèt:

- Fatig;
- Feblès;
- Anvi vomi, vomisman;
- Gonfleman;
- Demanjezon tout kote.

Enpòtans depistaj!

Lè ren yo kòmanse pa fonksyone byen, yo kite eleman kò a bezwen pase nan pipi, tankou pwoteyin yo. Menm si yo pa vizib ak je, li posib pou mezire nivo pwoteyin sa yo si ou fè yon analiz pipi. Egzamen depistaj la fini ak yon analiz san ki pèmèt yo ka evalue kapasite filtrasyon ren yo.

Frekans egzamen yo

	Premye egzamen	Swivi
Dyabèt tip 1	5 lane apre dyagnostik la pou moun ki gen plis pase 15 lane	Chak ane oswa pi souvan selon rekòmandasyon doktè
Dyabèt tip 2	Lè dyagnostik la	
Dyabèt tip 1 oswa tip 2 Ak gwosès	Anvan ou ansent oswa pi bonè posib lè gwosès la konfime	

Ki tretman pou nefwopati?

Dega ki fèt nan ren'w yo ki irevèsib, sa vle di ou pa ka geri yo. Men, anplis chanje move abitud nan lavi'w, doktè'w ka preskri'w medikaman ki ka ralanti oswa sispann pwogresyon nefwopati a.

Si sa nesèsè, doktè'w ka preskri'w yon alimantasyon ki pa gen anpil pwoteyin, likid ak kèk mineral tou. Sa se yon nitrisyonis ki pral anseye'w li.

Nan ensifzans renal grav, ou dwe fè dyaliz, ki se tretman pou filtre san an nan plas ren an, oswa yon opèrasyon transplantasyon ren pou ranplase ren'w.



Prèske mwatye moun ki ap viv avèk dyabèt pral gen nefwopati nan vi yo.